

8

oktòb

Nan tan lontan, Bondye te pale avèk zansèt nou yo ak divès mwayen epi nan divès fason, grasak pwofèt yo. Men, nan dènye jou sa yo, li pale avèk nou grasak Pitit la. Se li menm, Bondye mete eritye tout bagay. Se grasak li menm tou, li fè linivè

a. Ebre 1. 1, 2

Yon kout je sou Bib la : Nouvo Testaman an (2)

Nouvo Testaman an fè nou konnen kòman Bondye akonpli pwomès li yo grasak Jezi Kris. Bondye mete kanpe ak Jezi e grasa li yon “nouvo kontra” ki chita sou gras li sèlman, san l pa mete anyen ankò, dekwa pou li ka sove tout moun ki kwè.

Nouvo Testaman an kòmanse ak kat levanjil yo ki anonse bòn nouvèl vini Pitit Bondye a sou latè ak travay li. Yo prezante Jezi kòm Sovè sila yo ki rekonèt ke yo se pechè epi ki kwè nan li. Answit, liv Travay apot yo rakonte kòmansman Legliz la, ki fòme ak tout kretyen yo, apre sa lèt apot Pòl, Jak, Pyè, Jan ak Jid (21 liv) ki eksplike travay san parèy Jezi a ak konsekans travay sa sou sila yo ki kwè yo. Revelasyon, dènye liv nan Bib la anonse evènman dènye tan yo, lè Jezi gen pou manifèste dènye viktwa li sou tout fòs mal yo. Levanjil se poto mitan revelasyon Bondye anvè lèzòm.

Nan ki sans, Bib la, liv sa ki gen plis pase 2000 ane, kapab konsène m ? Se Bondye vivan an ki te ekri li, li pa te chanje epi ki pap janm chanje : sa ke li fè m konnen sou li ak sou volonte li pou li kapab an kontak ak mwen toujou la. Paske lòm pa amelyore nan zafè moral depi nan kòmansman an, e li rete rebèl anvè Bondye. Epoutan, Bondye vle retabli relasyon li ak lèzòm, li vle delivre nou anba esklavaj sa ki mal. L ap fè sa jodi a pou sila ki fè li konfyans e kwè nan Jezi. Donk mesaj Bib la kounye a se pou nou plis pase janmen.

8

octobre

Après avoir autrefois, à bien des reprises et de bien des manières, parlé aux pères par les prophètes, à la fin de ces jours-là, Dieu nous a parlé dans le Fils, qu'il a établi héritier de tout, par qui aussi il a fait les mondes.

Hébreux 1. 1, 2

Survol de la Bible : le Nouveau Testament (2)

Le Nouveau Testament nous révèle comment Dieu accomplit ses promesses par Jésus Christ. Dieu établit en Jésus et par lui une “nouvelle alliance” fondée sur sa grâce seule, sans contrepartie, en vue de sauver tous ceux qui croient.

Le Nouveau Testament commence par les quatre évangiles qui proclament la bonne nouvelle de la venue du Fils de Dieu sur la terre et de son œuvre. Jésus est présenté comme le Sauveur de ceux qui se reconnaissent pécheurs et croient en lui. Ensuite, le livre des Actes raconte les débuts de l'Église, composée de tous les croyants, puis les lettres des apôtres Paul, Jacques, Pierre, Jean et Jude (21 livres) expliquent l'œuvre unique de Jésus et ses conséquences pour ceux qui croient. Dernier livre de la Bible, l'Apocalypse annonce les événements de la fin des temps, lorsque Jésus manifestera enfin sa victoire finale sur toutes les puissances de mal. L'évangile est le centre de la révélation de Dieu aux hommes.

En quoi la Bible, ce livre vieux de plus de 2000 ans, peut-elle me concerner ? Elle a été écrite par le Dieu vivant, qui n'a pas changé et qui ne changera pas : ce qu'il me révèle sur lui-même et sur sa volonté d'entrer en contact avec moi est toujours actuel. Car l'homme ne s'est pas amélioré moralement depuis le commencement, et il reste rebelle vis-à-vis de Dieu. Pourtant Dieu veut rétablir les relations de l'homme avec lui, il veut nous délivrer de notre asservissement au mal. Il le fait aujourd'hui pour celui qui lui fait confiance et croit en Jésus. Le message de la Bible nous est donc plus que jamais destiné.